# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLER DEMOGRAFIYASÍ BOYÍNSHA MAĞLÍWMAT

*2026-jıl 1-fevral jağdayına (fermer hám diyqan xojalıqlarınan basqa)*

I. Kárxana hám shólkemler sanı
II. Isbilermenlik subyektleriniń shólkemlestirilgen-huqıqıy forması boyınsha ulıwma mağlıwmatlar
III. Hárekettegi shet el kapital qatnasıwındağı kárxana hám shólkemler haqqında mağlıwmatlar
IV. Kárxana hám shólkemler demografiyasına tiyisli meta mağlıwmatlar hám túsinikler

## I. Kárxana hám shólkemler sanı

2026-jıl 1-fevral jağdayına bola, respublikada jumıs alıp barıp atırğan kárxana hám shólkemlerdiń sanı (diyqan hám fermer xojalıqlarınan tısqarı) 24,0 mıńdı quraydı, sonnan 19,9 mıńı yamasa 82,7 payızı kishi kárxana hám mikrofirmalar bolıp esaplanadı. 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırğanda ósim páti 113,1 payızdı, sonıń ishinde, kishi biznes hám mikrofirmalarda - 114,5 payızdı quradı.



## Hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı (birlikte).

| Jıl | Kárxana hám shólkemler | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Isbilermenlik subyektleri | sonnan: Kishi biznes subyektleri |
| **2026** | 24 056 | 20 005 | 19 905 |
| **2025** | 21 268 | 17 450 | 17 378 |
| **2024** | 25 572 | 21 801 | 21 717 |
| **2023** | 26 125 | 22 386 | 22 297 |
| **2022** | 23 816 | 20 152 | 20 077 |

Aymaqlar boyınsha eń kóp belsendi kárxana hám shólkemler Nókis qalasında - 27,0 payız, Tórtkúl rayonında - 10,0 payız, Beruniy rayonında -8,8 payız, Ámiwdárya rayonında - 7,9 payız hám Ellikqala rayonında - 6,9 payızı jumıs alıp barmaqta.

Isbilermenlik hám kishi biznes subyektleriniń ulıwma sanındağı salmaqlı úlesi Nókis qalasında - 27,5 payız, Tórtkúl rayonında - 10,6 payız, Beruniy rayonında - 9,0 payız, Ámiwdárya rayonında - 8,0 payız hám Ellikqala rayonında - 6,9 payızı rayonlarğa tuwra keldi.

## *Qala hám rayonlar kesiminde kárxana hám shólkemler sanı (birlikte).*

| Qala hám rayonlar | Kárxana hám shólkemler | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Isbilermenlik subyektleri | sonnan: Kishi biznes subyektleri |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **24 056** | **20 005** | **19 905** |
| Ámiwdárya | 1 899 | 1 589 | 1 585 |
| Beruniy | 2 112 | 1 804 | 1 792 |
| Bozataw | 402 | 317 | 316 |
| Qaraózek | 597 | 448 | 447 |
| Kegeyli | 785 | 631 | 626 |
| Qońırat | 1 383 | 1 125 | 1 116 |
| Qanlıkól | 693 | 564 | 562 |
| Moynaq | 698 | 582 | 580 |
| Nókis | 956 | 800 | 798 |
| Taqıyatas | 710 | 578 | 572 |
| Taxtakópir | 385 | 263 | 258 |
| Tórtkúl | 2 406 | 2 112 | 2 108 |
| Xojeli | 1 183 | 980 | 973 |
| Shımbay | 1 066 | 842 | 837 |
| Shomanay | 626 | 492 | 490 |
| Ellikqala | 1 658 | 1 374 | 1 367 |
| Nókis q. | 6 497 | 5 504 | 5 478 |

**Temağa tiyisli kórsetkishler:**

Hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Hárekettegi isbilermenlik subyektleriniń sanı (aylıq)
Hárekettegi kishi isbilermenlik subyektleri sanı (aylıq)

## Kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha mağlıwmatlar

Ekonomikalıq jumıs túrleri boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń (isbilermenlik subyektleri hám kishi biznes subyektleriniń) eń kóp bólegi "Sawda" tarmağında qalmaqta, olardıń úlesi 2026-jıl 1-fevral jağdayına 36,3 payızdı quradı.




Ekinshi orında Sanaat" 13,9 payız, úshinshi orında "Awıl, toğay hám balıqshılıq xojalığı" 13,1 payız. Birgelikte bul úsh túrdegi jumıs olardıń ulıwma sanınıń 50 payızdan aslamın quraydı.

### Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha (birlikte)

| Ekonomikalıq xızmet túrleri | Kárxana hám shólkemler | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Isbilermenlik subyektleri | sonnan: Kishi biznes subyektleri |
| Awıl, toğay hám balıqshılıq xojalığı | 2 676 | 2 618 | 2 610 |
| Sanaat | 2 803 | 2 799 | 2 765 |
| Qurılıs | 1 612 | 1 588 | 1 577 |
| Sawda | 7 233 | 7 232 | 7 227 |
| Tasıw hám saqlaw | 847 | 842 | 840 |
| Jasaw hám awqatlanıw | 1 469 | 1 464 | 1 464 |
| Málimleme hám baylanıs | 492 | 459 | 456 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám social xizmet kórsetiw | 713 | 460 | 460 |
| Basqa túrler | 6 211 | 2 543 | 2 506 |

## II. Isbilermenlik subyektleriniń shólkemlestirilgen-huqıqıy forması boyınsha ulıwma mağlıwmatlar

2026-jıl 1-fevral jağdayına bola, 20,0 mıń hárekettegi kommerciyalıq kárxanalardan 16,3 mıń juwapkershiligi sheklengen jámiyetler shólkemlestirilgen bolıp,olar shólkemlestiriwshilik-huqıqıy forması boyınsha kárxanalar arasında birinshi orındı iyelep tur.




Sonnan kelip shığıp, Juwapkershiligi sheklengen jámiyetler mámleketimizde biznes júrgiziwdiń eń keń tarqalğan forması degen juwmaqqa keliwimiz múmkin.

| Shólkemlestirilgen-huqıqıy forması | Isbilermenlik subyektler sanı (birlikte) | Isbilermenlik subyektleriniń jámine salıstırğanda úlesi (procentte) |
|---|---|---|
| Juwapkershiligi sheklengen jámiyet | 16 335 | 81,7 |
| Jeke kárxanalar | 1 604 | 8,0 |
| Shańaraqlıq kárxanalar | 1 711 | 8,6 |
| Akcionerlik jámiyet | 18 | 0,1 |
| Basqalar | 337 | 1,6 |

## III.Hárekettegi shet el kapital qatnasıwındağı kárxana hám shólkemler haqqında mağlıwmatlar

Ózbekstannıń jańa sırtqı siyasatınıń tiykarğı ózgeshelikleri bul ashıq-aydınlıq, uzaq múddetli turaqlı rawajlanıwdıń tiykarğı bağdarlarına itibar qaratıw, qońsı mámleketler menen jaqsı qońsıshılıq qatnasıqların bekkemlew, xalıqaralıq birge islesiwdi biyǵárez tiykarda keńeytiw bolıp esaplanadı

Sonday-aq, sırt el investiciyalarınıń qatnasıwında jumıs alıp barıp atırğan 222 kárxanadan 78 i qospa kárxana hám 144 i sırt el kárxanalarınıń esabına tuwra keldi.




### Shet el kapitalı qatnasıwındağı kárxana hám shólkemler

2026-jıldıń 1-fevral jağdayına bola, sırt el investiciyaları háreketegi kárxanalardıń bağdarları boyınsha sanaat tarawında 105 kárxana, sawda tarawında 47 kárxana hám qurılıs tarawında 19 kárxanağa jetti.

| Ekonomikalıq xızmet túrleri | Jámi: | sonnan: Qospa kárxanalar | Shet el kárxanalar |
|---|---|---|---|
| **Jami:** | **222** | **78** | **144** |
| Awıl, toğay hám balıqshılıq xojalığı | **17** | 9 | **8** |
| Sanaat | **105** | 42 | **63** |
| Qurılıs | **19** | 3 | **16** |
| Sawda | **47** | 11 | **36** |
| Tasıw hám saqlaw | **3** | 2 | **1** |
| Jasaw hám awqatlanıw | **5** | 3 | **2** |
| Málimleme hám baylanıs | **7** | 1 | **6** |
| Den sawlıqtı saqlaw hám social xizmet kórsetiw | **2** | | **2** |
| Basqa túrler | **17** | 7 | **10** |

## Ayırım mámleketler kesiminde hárekettegi sırt el investiciyaları qatnasıwındağı kárxana hám shólkemler haqqında mağlıwmatlar

Respublikamızda hárekettegi sırt el investiciyaları qatnasıwındağı kárxana hám shólkemler analizlengende, jetekshi orındı 93 kárxana menen Qıtay mámleketi iyeledi.

Bul respublikadağı sırt el investiciyalarınıń qatnasıwında jumıs alıp barıp atırğan kárxanalardıń ulıwma sanınıń 41,9 payızın quradı. Ózbekstan ekonomikasına óz kapitalın kirgizip joqarı úles qosıp atırğan mámleketler arasında Rossiya Federaciyası 14,0 payızdı, Turkiya 8,1 payız, Qazaqstan 7,2 payız hám Qubla Koreya 4,5 payızdı qurap ayrıqsha orın iyeleydi.

| Mámleketler | Jámi: | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Qospa kárxanalar | Shet el kárxanalar |
| **Jámi:** | **222** | **78** | **144** |
| Qıtay | 93 | 26 | 67 |
| Rossiya | 31 | 18 | 13 |
| Túrkiya | 18 | 4 | 14 |
| Qazaqstan | 16 | 5 | 11 |
| Awğanıstan | 2 | 2 | 0 |
| Qubla Koreya | 10 | 3 | 7 |
| Túrkmenistan | 5 | 2 | 3 |
| BAÁ | 8 | 2 | 6 |
| AQSH | 4 | 2 | 2 |
| Qırğızstan | 3 | 0 | 3 |
| Basqa mámleketler | 32 | 14 | 18 |

## III. Kárxana hám shólkemler demografiyasına tiyisli metamağlıwmatlar hám túsinikler

Registrlerdi júrgiziw boyınsha statistikalıq jumıstı ámelge asırıw ushın tiykar bolıp Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 28-sentyabrdegi "Kárxanalar hám shólkemlerdiń birden-bir mámleketlik registrin júrgiziw hám onıń tiykarında mámleketlik xızmet kórsetiwge baylanıslı normativlik-huqıqıy hújjetlerdi tastıyıqlaw haqqında"ğı 539-sanlı qararına muwapıq Kárxanalar hám shólkemlerdiń mağlıwmatları statistikalıq klassifikatorlarğa tiykarlanıp qáliplestiriledi

Kárxana hám shólkemlerdiń birden-bir mámleketlik registri – real waqıt rejiminde jańalap barılatuğın mağlıwmatlardan ibarat bolğan informacion-mağlıwmatnama kórinisindegi avtomatlastırılğan sistema esaplanıp, birden-bir klassifikaciyalar sisteması tiykarında kárxanalar hám shólkemlerdiń mámleket esabın hám olardı identifikaciyalawdı támiyinleydi. Mağlıwmatlar Ózbekstan Respublikası Ádillik ministrliginiń Mámleket xızmetlerin orayı mağlıwmatlar bazası tiykarında 2026-jıl 1-fevral jağdayına bola (fermer hám diyqan xojalıqlarısız) qáliplestirildi.

**Meta mağlıwmat ushın siltemeler:**

Metamağlıwmatlar Kárxana hám shólkemler sanı.
Glossariy
Statistikalıq klassifikaciyalar

**Temaga tiyisli kórsetkishler:**

Jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Jańadan shólkemlestirilgen isbilermenlik subyektleri sanı (aylıq)
Jańadan shólkemlestirilgen kishi isbilermenlik subyektleri sanı (aylıq)
Jańadan shólkemlestirilgen sırt el kapitalı qatnasıwındağı kárxanalar sanı (aylıq)
Jańadan shólkemlestirilgen jeke kárxanalar sanı (aylıq)
Jańadan shólkemlestirilgen juwapkershiligi sheklengen jámiyet sanı (aylıq)
Jana shólkemlestirilgen shańaraqlıq kárxanalar sanı (aylıq)
Jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (ekonomikalıq jumıs túrleri boyınsha, aylıq)
Awıl, toğay hám balıqshılıq xojalığında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Sanaat bağdarında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Qurılıs jumısı menen shuğıllanıwshı jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Sawda tarawında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Tasıw hám saqlaw xızmetleri tarawında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Turaq jay hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Málimleme hám baylanıs tarawında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)
Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler tarawında jańadan shólkemlestirilgen kárxana hám shólkemler sanı (aylıq)

**Tayarlaw ushın juwapker:**
Sanlastırıw hám statistikalıq registrlerdi júrgiziw bólimi

**Orınlawshı:**
B. Daribaev
61 222-78-52 (9560)

Mánzil:
230103, Nókis q.,
A. Dosnazarov kóshesi, 97 a-UY